nystateofhealth
The Official Health Plan Marketplace

KÈK ENFÒMASYON SOU

Asirans Sante pou Jèn Adilt yo

NY State of Health se mache sou Entènèt pou jwenn plan sante yo.

Si ou gen laj 19 ane oswa plis epi w ap viv nan Eta New York, li kapab ede ou jwenn asirans sante nan yon pri ou kapab peye.

Men 4 bagay enpòtan ou ta dwe konnen

1 Se oumenm ki gen pou chwazi

Lè ou se yon jèn adilt, ou dwe deside si pou rete nan plan sante paran ou. Si ou deside gen asirans pa ou, w ap jwenn anpil chwa nan NY State of Health. Gen anpil plan ki nan diferan nivo pwoteksyon ak kondisyon peman yo. Sa vle di w ap gen chans pou jwenn youn nan sa ki satisfè bezwen ou yo epi rete nan limit bidjè ou.

2 W ap jwenn yon bon afè

Kèlkeswa sa yo koute, tout plan sante nou ofri nan NY State of Health dwe garanti 10 sèvis swen sante enpòtan. Kèk nan sèvis sa yo se medikaman sou preskripsyon, sèvis ak tretman pou ijans pou maladi ki dire lontan-men sèvis pou prekosyon ak byennèt. W ap jwenn yon bon afè, kèlkeswa plan asirans ou chwazi a.

3 Gen yon “plan debaz”

Yon plan ki la pou jèn adilt ki poko gen laj 30 ane bay avantaj ki limite pou yon bon pri. Pou anpil moun sa ta ka yon bon plan asirans “debaz”.

4 Eta New York fè li fasil pou achte asirans sante epi pou peye pou li

Pou anpil moun, asirans vle di dokiman ak konfizyon. Nou jwenn sa. Poutèt sa, nou mete anpil espè ki resevwa fòmasyon sou dosye a pou ede ou, etap-pa-etap, nan fason pou chwazi yon plan ki bon pou ou epi pou antre ladan. Ou kapab jwenn èd sa a sou Entènèt, nan telefòn oswa menm kote w ap viv la oswa nan travay ou. Li disponib tou nan anpil lang.

- **Sou Entènèt nan sitwèb nystateofhealth.ny.gov**
- **Nan telefòn nan nimewo 1-855-355-5777, TTY: 1-800-662-1220**

Sou Entènèt nan sitwèb nystateofhealth.ny.gov

Nan telefòn nan nimewo 1-855-355-5777

TTY 1-800-662-1220